onyms are usually utilitarian in semantics, since reflect the attitude of man to nature, which has developed over a long historical period. The name is always social: even phy-sical and geographical terms in toponymy are an expression of the level of economic significance of an object.

Each historical epoch is characterized by its own toponymic set, therefore, a special place in the study belongs to the historical and chronological analysis of toponyms. However, such an analysis is far from always possible: folk physical and geographical terms and names of natural objects rarely lend themselves to accurate dating, while socio-economic terms and names in the overwhelming majority have a fairly accurate chronological reference.

An important source of information about the process of territory development and changes in nature was the study of historical documents containing toponymic and historical-geographical information. There are various types of historical documents: Russian chronicles; assembly materials (scribes, acts of estates, farms); legislative documents (various kinds of rescripts, donations for the right to use land); periodicals; traditional memoir materials; descriptions of travelers.

In particular, the unique written sources on the toponymy of Belarus are the scribal books of the 15th - 16th centuries. They characterize the state of agriculture and various crafts, indicate the amount of cultivated land in each village, record transport routes and the names of tracts.

Historical cartographic sources are of great importance. Comparison of maps of different times allows you to study the dynamics of the development of the territory. The specificity of the historical material does not always allow us to understand the historical process of toponymic nomination. Therefore, toponymic information can be considered as a kind of historical monument, supplementing and clarifying historical facts.

Among linguistic methods, scientists use etymological, formant and derivational (structural-grammatical) analysis of toponyms as words of a language.

The etymological method, one of the most ancient and playing an important role in toponymic science, helps to restore the original meaning of a geographical term or name. However, the usual analysis of the etymology of a lexical fact, proceeding from purely linguistic positions, does not provide a true understanding of the original reasons for the emergence of a toponym. This requires taking into account the geographical, socio-political and cultural-historical factors and circumstances, which may be different in relation to different parts of the studied region.

The analysis of toponymy is carried out by linguistic means of the word-formation (structural-grammatical) method, which is based on the study of massively repeated elements of names. These elements, usually called formants (from the Latin formans - "one who forms"), are most often the final elements of names, which are suffixes or endings. The remaining elements of names (prefixes, stems) are also of interest from the point of view of studying toponymic word formation. However, being less massive, they are of less scientific value. Examples of formants are "-ichi" (Baranovichi, Ivatsevichi, Lyakhovichi), "-ovo" (Sokolovo, Petrovo, Voronovo), "-ka" - Petrovka, Ivanovka, Kakhovka, etc. .d. Many supporters of this method consider it to be very reliable, since the massively repeated elements in the names provide a serious basis for judging their typology and population migrations that transfer toponyms to new places.

A certain place in the processing of the information received belongs to the statistical method. With its help, the quantitative relationship of toponyms with other categories of names is established, quantitative indicators and relationships of various categories of toponyms are revealed. To a large extent, these statistics are based on the cartographic materials of the study.

Geographic and historical reasons often require local clarification. Sometimes the solution to the question posed is not easy and, in addition to historical, geographical and linguistic information, requires the involvement of additional local facts. Field surveys, toponymic expeditions and acquaintance with objects directly on the ground help to clarify the meaning of some toponyms and geographical terms, to correct certain conclusions. Similar expeditions are also carried out with the aim of collecting geographical names of insignificant, small objects, since they disappear for various reasons, but also have significant scientific value.

### References


1. Mirziyoyev Sh.M. Buyuk kelajagimizni mard va olijanob xalqimiz bilan birga quramiz. -T.: «O’zbekiston», 2017, 488- b.
2. Жучкевич В.А. Общие и региональные закономерности топонимики. АДД. –Минск: 1970.
3. Жучкевич В.А. Общая топонимика. –Минск: 1980, -С. 288.
4. Мурзаев Э.М. Словарь народных географических терминов. Изд. 2-е, перер.и доп.: в 2-х томах. - М.: “Картгеоцентр-Геоиздат”, 1999.
5. Кораев С. Ўзбекистон вилоятлари топонимлари. -Т.: 2005, 238- б.
6. Hakimov Q. Toponimika. -T.: 2016, 368- b.



**РЕЗЮМЕ**

Мақола географик объектларни топонимик методлар асосида ўрганиш масалаларига бағишланган бўлиб, унда топонимика фанининг тадқиқот усуллари ҳақида, тадқиқот усулларининг таҳлили, топонимик тадқиқотларда илмий манбалар ва дала маълумотларидан фойдаланиш бўйича фикрлар баён этилган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается изучению методов топонимических исследований географических объектов. Кроме того, даётся общее понятие о методах топонимических исследований, исследовательские методы топонимики, а также использование в топонимических исследованиях научно-практические данные.

**SUMMARY**

The article is devoted to the description of toponymic research methods of geographic objects. The general concept of the methods of toponymic research, research methods of toponymy, are analyzed as well as the use of scientific and practical data in toponymic research.


## МИЙНЕТ РЕСУРСЛАРЫНЫҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИНДЕ ДЕМОГРАФИЯЛЫҚ ТИЙКАРЛАР


**Г.Б.Утепова –** *география илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** демография, халқ, мехнат заҳиралари, методология, ижтимоий-иқтисодий муоммалар.

**Ключевые слова:** демография, население, трудовые ресурсы, методология, социально- экономические проблемы.

**Key words:** demographic, population, labor resources, methodology, socio-economic problems.


Жәмийеттиң тийкарғы өндириўши күши болған халықты үйрениў демография пәнинниң әҳмийетли тармағы болып келген. Себеби, мәмлекет ҳәм оның экономикалық районлары халық хожалығының территориялық тармақларын шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыўда халықтың саны, қурамы, халықтың қайта тиклениўи (қайтыс болғанлар орнын жаңа әўладлардың ийелеўи), миграциялық ҳәрекети,

территориялық жайласыўы ҳәм бөлистирилиўи сыяқлы көрсеткишлери үлкен әҳмийетке ийе болып келген.

Дүньяның ҳәр бир регионында жасаўшы халықлар, бир-биринен ҳәр қыйлы экономикалық өзгешеликлери менен айрылып турады. Халықтың қайта тиклениў көрсеткишлери, жасы ҳәм жынıслық қурамы, сондай-ақ олардың қала ҳәм аўыллық орынлар бойынша жайласыўы, жумыс пенен тәмийинлениўи жер жүзи мәмлекетлеринде өзине тән өзгешеликлери менен ажралып турады.

Халықтың динамикасы жүдә көп ҳәм ҳәр түрли факторлар тәсиринде қәлиплесетуғын процесс есапланады. Бул факторларға туўылыўшылық, өлимшилик ҳәм миграциялық ҳәрекетлер өз тәсирин көрсетеди. Демек, халықтың динамикасын демографиялық процесслердиң айнасы деп атасақ орынлы болады.

Халықтаныў тараўында дүнья жүзи илимпазлары кең масштабта илимий-изертлеў жумысларын алып бармақта ҳәм илимий-теориялық шығармаларында халық түсинигине ҳәр қыйлы анализ берген. Мысалы, А.Я.Квашаның [1] пикирине қарағанда (1990) «Халық белгили бир территорияда жасаўшы, адамшылық жәмийеттиң тийкарғы материаллық компоненти есапланған, тарийхый қәлиплескен ҳәм турмысы тиккелей қайта тиклениў процесинде үзликсиз рәўиште тикленетуғын адамлар комплекси есапланады». Демек, усы тәрептен келип шыққан жағдайда инсанлар белгили бир этникалық уйымлар (урыў, қәўим, миллет, сиясий мәмлекетлик, хожалық, диний бирликлер) себепли өз ара байланысқанлығын ҳәм белгили бир территорияда жасап, турақлы жәмәәтлер пайда еткенлигин көриў мүмкин. Адамлардың мийнет искерлиги тийкарында социаллық өндирис пайда болып, халық усы өндиристиң әҳмийетли ағзасы ғана емес, бәлким өндирис қатнасықларының да зәрүрли элементи есапланды. Халықтың көпшилик бөлеги мийнеткешлер болып, олар пүткил адамшылық жәмийетиниң тийкарғы өндириўши күши болып табылады.

Халық түсинигин Э.Р.Саруханов (1994) төмендегише тәриплейди. «Халық бул тарийхый дәўирлер даўамында қәлиплескен ҳәм раўажланған үзликсиз рәўиште қайта тикленетуғын адамлардың комплекси есапланады» [2]. Илимпаздың бул пикирин басқаша тәризде айтатуғын болсақ, халық қайта тиклениўи процесинде саны үзликсиз тикленип туратуғын, улыўма жер шарында ҳәм де оның белгили бир бөлегинде жасайтуғын адамлар комплекси болып, олар барлық социаллық қатнасықлардың ҳәм өндиристиң тийкары ҳәм субъекти болып табылады. Халықтың социаллық раўажланыўының ҳәр бир басқышында инсанлар конкрет тарийхый комплекс ретинде жүзеге келеди. Анығырақ етип айтқанда оның зәрүр таярлыққа ҳәм мийнет тәжирийбесине ийе болған бөлеги, яғный **халық** - жәмийеттиң тийкары ҳәм ҳәрекетлендириўши күши болып табылады.

Ҳәрекет халықтың тийкарғы өзине тән белгиси ҳәм жасаў усылы есапланады. Әдетте халық ҳәрекетин үш группаға ажыратады:

1) халықтың әўладлар алмасыў процесинде үзликсиз қайта тикленип турыўы (халықтың қайта тиклениўи);

2) территориялық ҳәрекети (халықтың миграциясы);

3) халықтың жәмийет раўажланыўына ҳәм өндирис қатнасықларына тиккелей байланысы (социал ҳәрекети).

Республиканың белгили илимпазы Ё.Абдуллаев тәрепинен баҳаланыўынша, «Халық ҳәм сан, ҳәм сапа тәрепинен өзгермей бир ноқатта тура беретуғын, тарийхый раўажланыўға бийпәрўа қарайтуғын нәрсе емес. Ол өндирис усылы ҳәм экономикалық раўажланыўға тәсир көрсетеди» [3]. Ҳақыйқатында да, халықтың ҳәрекети нәтийжесинде оның қурамы ҳәм көрсеткишлери ғана сәўлеленип қалмай, бәлким бул ҳәрекет оны жәмийеттиң басқа компонентлери менен болған тиккелей байланысын да тәмийинлейди. Халықтың ең тийкарғы белгиси, оның муғдар ҳәм сапа жағынан үзликсиз өзгерип турыўы болып табылады. Халықтың және бир белгиси оның территория бойынша тарқалыўы. Адамлар ҳәрқыйлы жағдайларда мысалы социал, экономикалық, тәбийий-географиялық, тарийхый факторлар тәсиринде жасаў орнын өзгертиўи мүмкин. Усы ҳәрекет нәтийжесинде халық арасында миграция процеси келип шығады. Инсанлардың территориялық ҳәрекети бир мәмлекет шеңберинде (ишки миграция) ямаса бирнеше мәмлекетлер арасында (сыртқы миграция) әмелге асыўы мүмкин.

Халық ҳәм мийнет ресурслары ҳәрекети машқалаларының актуаллығы мәмлекетте демографиялық ҳәм экономикалық жағдайдың өзгериўи менен белгиленеди. Раўажланыўдың интенсив жолға өтиўи халықтың жумыс пенен тәмийинлениўи тараўлар бойынша структурасын және де раўажландырыўды көзде тутады, бул болса мийнет ресурсларын қайта бөлистириў ҳәм олардың ҳәрекети процесслериниң әҳмийетин және де күшейтеди. Бунда халықтың жәмийет ушын зәрүр болған бәнтлик түрлери бойынша мақсетли бөлистирилиўине де ерисиледи.

Халық ҳәм мийнет ресурсларының ҳәрекетшеңлигин социал-экономикалық категория сыпатында үйрениў ҳәм оны өндирис қатнасықларының элементи сыпатында турақлы түрде қадағалап барыў зәрүр.

Мийнетке жарамлы жастағы экономикалық актив халықтың белгили бир бөлеги материаллық байлықларды өндириўде, қалғаны болса хызмет көрсетиўши тараўларда бәнт есапланады. Инсанлар өндириўши күшлер ҳәм материаллық байлықларды жаратыўшылар ғана болып қалмастан, оның пайдаланыўшылары да болып табылады. Халықтың санының өзгериўи яғный көбейиўи ҳәм азайыўына олардың территориялар бойынша жайласыўы да өз тәсирин көрсетеди. Бул жағдайға жәмийеттеги қурамлы социаллық процесс есапланған миграцияның да айтарлықтай тәсири бар.

Инсанлар комплекси ҳәм олардың ҳәр бири социал - психологиялық, социал -экономикалық ҳәм социал - географиялық шараятлар тәсиринде қәлиплеседи ҳәм раўажланады. Айырым изертлеўшилердиң пикирине қарағанда халық демографиялық бағдарға қарағанда көбирек экономикалық бағдарға ийе деген жуўмаққа келген. Нәтийжеде, халықтың өзи бир система, мийнет ресурслары да өз алдына бир система екенлиги, өндириўши күш өзиниң өндирислик өзгешеликлери менен парқланса да «мийнет ресурслары» системасының бир элементи екенлиги дәлилленди.

Халық мийнет ресурсларының тәбийий дереги, тийкары болып, халықтың мийнетке жарамлы бөлеги мийнет ресурсларының фундаменти есапланады. Барлық территорияларда халықтың муғдары мийнет ресурслары муғдарынан айтарлықтай көп болады. Сонлықтан да, халықтың қурамындағы жас қатлам (0-15 жас) тийкарында мийнет ресурслары қәлиплеседи.

Әдетте халықтың раўажланыўы дәслеп жәмийеттеги социал - экономикалық нызамлылықлар тийкарында анықланады. Демек, халықтың раўажланыўының нызамлықлары, жәмийет раўажланыўы нызамлылықлары системасының ажыралмас бир бөлеги есапланады. Халықтың турақлы ҳәрекети экономикалық раўажланыўдың муғдар ҳәм сапа көрсеткишлерине унамлы тәсирин тийгизеди. Жәмийет раўажланыўын басқарыў болса белгили бир дәрежедеги **«халық сиясаты»** арқалы әмелге асырылады. Халық бир тәрептен ғәрезсиз басқарылатуғын система ретинде

жүзеге келсе де, ол өзине салыстырғанда үлкен ҳәм қурамалы демографиялық система элементи есапланады. Халықтың раўажланыўында демографиялық тәртипти тән алмаў, оны система сыпатында тән алмаўға алып келеди.

Илимге белгили халық «өндирис күши»не айланғанда, өндирислик системаға жақынласады, усыған шекемги басқышта болса, ол көбирек социал организм ретинде «халық системасы»на тән нызамлар тийкарында раўажланады. Халықтың раўажланыў мүмкиншиликлерин үйрениўде ҳәм механизмин жаратыўда «тәбият-халық-жәмийет» системаларының ажыралмас топар екенлигин ҳәм олар турақлы түрде бир-бирин толықтырып турыўын есапқа алыў зәрүр.

Илимпазлардың илимий изертлеў жумысларында өндириўши күшлерди үйрениў мәселеси ең актуаль мәселелерден бири болып келген. Сол себепли жәмийеттиң ҳәр тәреплеме раўажланыўы, халықтың турмыс тәризи ҳәм жумыс пенен қай дәрежеде тәмийинлениўине байланыслы болады.

Халықтың мийнет искерлиги менен бәнт болған, мийнетке қәбилетли жастағы топарлары-мийнет ресурслары есапланады. Дүньядағы көплеген мәмлекетлерде оның критериялары ҳәр қыйлы болады. Мийнет ресурсларының жасын белгилеўде ҳәрбир мәмлекет өзиниң ишки имканиятларынан яғный халқының туўылыў дәрежесинен келип шығып белгилейди. Мийнет ресурслары жәмийет раўажланыўында оғада әҳмийетли орын ийелейди. Мийнет ресурсларының қәлиплесиўи, дәслеп халықтың тәбийий ҳәрекети, жәмийеттиң социал-экономикалық раўажланыў дәрежеси, тарийхый раўажланыўдың өзгешеликлерине байланыслы жағдайда әмелге асады. Өндирис тараўында ҳәм де хызмет көрсетиў тараўында бәнт болған актив ҳәм потенцияллы инсанлар топары ҳақыйқый мийнет ресурслары қурамына киреди. Экономикалық тараўда бәнт болған өспиримлер ҳәм қариялар актив потенцияллы мийнет ресурслары қатарына қосылмайды. Мийнет ресурслары - жәмийеттиң бирден - бир өндириўши күш болыўы менен бирге халықтың территориялар бойынша бөлистирилиўине ҳәм тәбийий байлықлардан пайдаланыў имканиятларын белгилеп бериў өзгешеликлерине де ийе.

Мәмлекеттиң мийнет қәбилетин анықлаў халықтың туўылыўына ҳәм миграциясына байланыслы болады. Өлиўшилик халықтың өсиўине кери тәсир етеди. Бирақ, буның өзине тән тәрепи усыннан ибарат, өлимге салыстырғанда туўылыў муғдары көп. Мийнетке қәбилетли халық тек ғана өндирис қатнасықларын ғана емес, бәлким мийнет етиўге болған қәбилетти қәлиплестириў ҳәм бөлистириўде жүзеге келетуғын қатнасықларды да жәмлестиреди. Өндирис ҳеш қашан бир жерде тоқтап қалмайды, себеби техникалық процесслердиң өсиўи (мағлыўмат, инсан қәбилети, жаңа техниканы өзлестириў, кәсип-тәжрийбе) жумысшылардың сапа көрсеткишлерине де тәсир етеди. Өндиристи әмелге асырыў ушын өз ара байланыслы болған үш элемент - мийнет, мийнет предмети ҳәм мийнет қуралларының бирлиги зәрүр. Мийнет предмети ҳәм қураллары мийнеттен ажыралған тәғдирде жансыз нәрселер жыйындысынан ибарат болып қалады. Демек, өндирис қураллары тек ғана инсан менен биргеликте өндириўши күшлерди пайда ете алады. Ҳәр қандай исши күши өндирис қуралларын иске қосып материаллық ҳәм руўхый байлық жаратады. Демек, исши күши өзинде жеке адамның мийнет етиўин тәмийинлейтуғын өзгешеликлер жыйындысы есапланады. Исши күши тек ғана өндирис процесинде қатнасса ғана, исши күши көринисинде қалады, керисинше болса ол мийнет ресурсы есапланады. Мийнет ресурсларын исши күшине айландырыў ушын оны өндирис пенен бәнт етиў зәрүр.

Хызмет көрсетиў тараўы ҳаққында айтатуғын болсақ, ол халық хожалығының өндирислик емес тараўлары кең тармақлы тараў есапланады. Бул тараўдың әҳмийетли нызамлылығы усыннан ибарат, халыққа хызмет көрсетиў формаларын раўажландырыў ҳәм жетилистириў яғный үй-жай, коммунал хызмет, халыққа мәдений хызмет көрсетиў түрлери, ден-саўлықты сақлаў, физикалық тәрбия ҳәм спорт, халық тәлими, мәденият ҳәм искусство, илим ҳәм илимге хызмет көрсетиў, финанс, кредит, қамсызландырыў, мәмлекет ҳәм де тармақлар аралық басқарыў шөлкемлери жумыс искерлиги жәнe де активлескен сайын хызмет көрсетиў тараўындағы жумысшылар, әсиресе ҳаяллардың жумыс пенен тәмийинлениў дәрежеси ҳәм т.б. айрықша итибар бериледи. Мийнет ресурслары халықтың қурамында өзгермели динамикалық топар ретинде қәлиплеседи. Бул процесстиң әмелге асыўында оғада көп географиялық факторлар тәсир етеди.

Ҳәр қандай жәмийеттиң тез пәт пенен раўажланыўы ушын ондағы мийнет ресурсларының муғдар ҳәм сапасына өз алдына итибар берилиў керек. Ҳәр бир регионда ҳәр жылы қаншадан - қанша жаслар мийнетке қәбилетли жасқа жетеди. Усы жағдайда оларға материаллық ҳәм руўхый жәрдемлер берилип, мүмкиншилиги болғанынша жумыс орынлары менен тәмийинленсе әлбетте усы региондағы мийнет ресурсларының сапасы бираз жақсы тәрепке өзгереди.

**Әдебиятлар**

1.Кваща А.Я. Население и трудовые ресурсы. -М.: «Мысль», 1990
2. Саруханов Э.Р. Население и трудовые ресурсы. В справочном пособии, -М.: «Экономика», 1994.
3. Абдуллаев Ё. Макроиқтисодий статистика. - Тошкент: «Мехнат», 1998.
4. Население и трудовые ресурсы. (А.Г.Новицкий и др.) -М.: 1990.

**РЕЗЮМЕ**

Тавсия этилаётган мақолада ҳалқ ва меҳнат ресурсларини методологик ўрганишнинг қатар аҳамиятли ижтимоий-иқтисодий ва демографик масалалари ҳақида сўз этилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются наиболее важные социально-экономические проблемы демографических и методологических основ движения населения и трудовых ресурсов.

**SUMMARY**

The reviewed article are studied the most important socio-economic problems of the demographic and methodological basis for the movement and labor resources of the population.